

## Kijann mwen ka vin yon chanpyon pou pitit mwen an?

### Kijan mwen kapab travay ak lòt moun antanke chanpyon pitit mwen an?

Edike timoun ki gen andikap yo nan klas edikasyon jeneral avèk timoun ki gen menm laj ak yo se pa jis yon bagay lalwa egzije, sa pote rezilta! Rechèch yo te montre a plizyè repriz pandan 40 dènye lane ki pase yo lè timoun ki gen andikap yo resevwa edikasyon nan anviwònman ki gen mwens restriksyon an (Least Restrictive Environment, LRE), sa pote avantaj pou yo. Gen anpil prèv ki montre enklizyon kapab fonskyone - epi li fonskyone - pou timoun ki gen tout tip andikap. Edike timoun ki gen andikap yo nan sal klas edikasyon jeneral yo pote avantaj tou pou timoun ki pa gen andikap yo ansanm ak tout anviwònman eskolè a.

Metete sou sa, plizyè dizèn lane rechèch yo te montre enplikasyon fanmi an kontribye anpil pou amelyore rezilta elèv la nan sa ki gen rapò ak aprantisaj epi siksè nan lekòl la. Patisipasyon w ak lidèchip ou nesese pou garanti yon rezilta pozitif. W ap gen bezwen pou w travay an patenarya avèk pwofesè yo, administratè yo, manm pèsònèl soutyen yo, epi lòt moun yo pou fè edikasyon nan anviwònman ki gen mwens restriksyon an ka yon reysit pou pitit ou a.

Mo "chanpyon" an vle di yon moun ki pa janm abandone. Se travay manm fanmi yo pou yo pale nan non pitit yo. Men si pitit ou a gen bezwen espesyal, responsabite a vin pi enpòtan toujou. Chak timoun bezwen yon chanpyon - youn ki pa p janm abandone li, ki konprann pouvwa koneksyon yo, epi ki existe pou li vin pi bon vèsyon tèt li ki posib la.

### Kijann mwen ka prepare m pou m fè patenarya avèk lekòl pitit mwen an?

Jwenn fason pou w pataje sa w konnen sou pitit ou a.

Kwè nan sa pitit ou a ka reyalize, epi pataje objektif sa yo.

Kominike nan yon fason ki efikas epi travay pozitivman avèk tout manm pèsònèl lekòl la.

Travay nan yon fason ki aktif pou devlope konpetans yo lakay pitit ou a ak lakay ou antanke yon paran.



Kenbe pitit ou a nan mitan desizyon k ap pran yo.

Konprann dwa pitit ou a genyen yo ak kisa lalwa egzije.

Konnen manm pèsònèl ki nan lekòl la ak responsabite yo pou pitit ou a.

Konnen orè pitit ou a, talan li yo, fòs ak defi li yo, ak bagay li pi renmen yo.

Kwè vwa pa w ak vwa pa pitit ou a enpòtan!

# Kisa sa enplike lè w se yon chanpyon?

## **Pataje sa w konnen sou pitit ou a:**

“Jaronte gen yon bèl nanm, epi li vle reyisi nan lekòl la. Li bon nan matematik, epi li travay di nan lekti. Li te gen difikilte pou l dekode nouvo mo akòz andikap li a.”

## **Kwè nan sa pitit ou a ka reyalize, epi pataje objektif sa yo:**

“Jake apèn sot pase premye nwit li avèk granparan li yo semèn ki sot pase an la epi li te ede papa mwen pentire yon bato. Li tèlman gen konpetans atistik epi nou tout kwè li gen pou l tounen yon granmoun ki endepandan epi ki gen kè kontan. Sa se objektif pa nou pou li.”

## **Kominike nan yon fason ki efikas epi travay pozitivman avèk tout manm pèsònèl lekòl la:**

“Mwen panse w gen rezon sou lefèt Kenyan bezwen amelyore jan li fè lekti. Li renmen li konsènan motosiklèt yo, konsa sa t a kapab motive li pou l li plis. Mwen t a renmen nou rete an kontak regilyèman sou kijan bagay yo ap pase. Ki fason ki pi bon pou ou?”

## **Travay nan yon fason ki aktif pou devlope konpetans yo lakay pitit ou a ak lakay ou antanke yon paran.**

“Lakay nou, Avery avèk mwen ap travay pou swiv yon orè kotidyen. Li bezwen konnen kisa k ap vini apre sa pandan jounen l ap pase a, epi lè li kapab swiv yon woutin poukont li, mwen gen yon entèval tan pou m pran swen tèt mwen.”

## **Konprann dwa pitit ou a genyen yo ak kisa lalwa egzije:**

“Nou vle wè Christina nan anviwònman ki gen mwens restriksyon an. Anviwònman ki gen Mwens Restriksyon an (Least Restrictive Environment, LRE) jwenn soutyen Lwa sou Edikasyon Moun ki gen Andikap yo (Individuals with Disabilities Education Act, IDEA) ak Lwa sou Reyisit Chak Elèv la (The Every Student Succeeds Act, ESSA). Sa kapab gen avantaj pou tout lekòl la--pa sèlman timoun ki gen andikap yo. Anpil nan menm estrateji ki fonksyone pou Christina yo ede lòt yo, tou!”

## **Konnen manm pèsònèl lekòl la ak responsablite yo pou pitit ou a:**

“Madam Garner, terapet lapawòl ak langaj la, te eseye kèk nouvo fason pou ede Benny aprann nouvo vokabilè. An n gade si li gen pou l pataje sa ki te fonksyone pi byen pou li yo avèk pwofesè edikasyon jeneral la yon fason pou Benny kapab itilize yo nan kou syans li an.”

## **Konnen orè pitit ou a, talan li yo, fòs ak defi li yo, ak bagay li pi renmen yo:**

“Mwen kontan Isabella gen syans byen bonè nan orè li a. Menm si li ka difisil pou li rete konsantre, li renmen syans epi li sonje tout sa li aprann yo sou lanati. Li renmen fè plant pouse lakay la!”

## **Kwè vwa pa w ak vwa pitit ou a enpòtan:**

“Aaliyah gen posibilite pou li pale konsènan lekòl la pou premye fwa. Li te pase yon bon ane lekòl epi mwen panse nou t a dwe envite li patisipe nan reyinyon IEP a. Mwen kwè li kapab reponn kèk nan kesyon yo poukont li.”

Bezwen pitit ou a dwe toujou nan mitan tout konvèsasyon ak desizyon ki gen rapò ak lekòl la.

## Patenarya pou Peter

*\* Remake etap paran Peter yo te pran pou defann enterè li yo, yo an gra.*

Peter se yon ti gason ki gen uit (8) lane ki gen otis ak limit lè l ap kominike. Sòti nan lekòl matènèl rive nan dezyèm ane Peter te nan yon klas ki genyen timoun ki gen andikap sèlman. Prèske nan fen dezyèm ane li a, paran li yo - Daria ak Arturo - te kòmanse santi konpetans sosyal ak nan nivo langaj Peter yo t ap devlope plis si li pase tout jounen an ap aprann avèk timoun ki PA gen andikap yo.



Daria ak Arturo te gen preyokipasyon pou bezwen espesyal Peter yo pa t twòp chay pou pwofesè edikasyon jeneral la. Kisa yo t a kapab, antanke paran, fè pou ede lekòl la soutni pitit gason yo a?

Nan mwa Avril, Daria ak Arturo te kontre avèk direktè Lekòl la, pwofesè edikasyon espesyal la, avèk yon pwofesè twazyèm ane direktè a te chwazi. Paran yo te pataje objektif yo genyen pou lavni Peter ak kisa yo te aprann konsènan avantaj enklizyon timoun yo pote. Yo te vle lekòl la konsidere kapasite Peter yo. Yo te santi sa t ap jis pran tan pou pwofesè a ak kanmarad li yo konprann kalite inik ak fason pou aprann li genyen yo.

Pandan Peter te toujou nan sal klas edikasyon espesyal varye dezyèm ane a, pwofesè yo ak paran yo te kòmanse diskite sou kijan yo t a ka founi menm soutyen sa yo pou Peter nan sal klas edikasyon jeneral twazyèm ane a. Daria ak Arturo te pare pou ede etabli nouvo woutin pou Peter epi yo te ofri pou yo ede rezoud pwoblèm yo pandan tout ane a.

Avan fen dezyèm ane a, Daria ak Arturo te rankontre avèk ekip IEP Peter la: pwofesè edikasyon eksepsyonèl ak edikasyon jeneral yo, terapet lapawòl ak langaj la, epi terapet okipasyonèl la. Pandan reyinyon sa a, Daria ak Arturo te dakò sou lefèt pwofesè yo, terapet yo, ak kamarad yo te kapab satisfè bezwen chak jou Peter yo. Yo tout t ap travay pou ede Peter adapte li nan nouvo orè ak woutin klas li a. Ekip la te brase lide yo pou ede Peter aprann sa kanmarad li yo ap aprann nan. Yo te dakò pou yo rankontre ankò de (2) semèn apre lekòl la te louvri pou yo wè kijan bagay yo ap vance.

Malgre te gen nesosite pou kèk ajisteman fèt pandan pakou a, Peter te fè pwogrè siyifikatif nan aprantisaj epi li fè anpil nouvo zanmi pandan ane li a nan klas twazyèm ane jeneral la.



Lè wap rankontre ak lòt moun pou diskite sou edikasyon pitit ou a, anvizaje pou w itilize estrateji sa a, pou ede kenbe konsantrasyon an sou pitit ou a.

## Chèz vid la

- Mete yon chèz vid sou je tout patisipan yo ki nan reyinyon an.
- Imajine timoun ou an ki chita sou chèz la. Itilize non pitit ou a, dekri karakteristik li yo bay gwoup la.
- Tout diskisyon ak desizyon ki fèt pandan reyinyon sa dwe konsantre sou pitit ou a epi yo t a dwe fèt nan pi bon enterè li.
- Moun yo ka dakò oswa pa dakò sou sa ki nan pi bon enterè li, men chèz la ap fè yo sonje pou yo kenbe pitit ou a nan mitan tout desizyon yo.

Malgre pitit ou a rete nan mitan diskisyon gwoup la, patisipan yo kapab konstate anpil nan desizyon yo pran yo kapab reflekte sa ki bon pou tout timoun yo.



**Eskane kòd QR la pou w li lòt Dokiman Fanmi Ak Kominote Ansanm (Families And Communities Together, F.A.C.T) yo!**



**Jwenn fasilitatè FIN ki pi pre w lan sou sit entènèt nou an:**

[www.FloridaInclusionNetwork.com](http://www.FloridaInclusionNetwork.com)

**oswa rele 1-888-232-0421 san peye okenn frè.**